

The Birth of Jesus

Luke 2:1-20 - *The Birth of Jesus Christ*

In those days a decree went out from Caesar Augustus that all the world should be registered. 2 This was the first registration when Quirinius was governor of Syria. 3 And all went to be registered, each to his own town.

4 And Joseph also went up from Galilee, from the town of Nazareth, to Judea, to the city of David, which is called Bethlehem, because he was of the house and lineage of David, 5 to be registered with Mary, his betrothed, who was with child.

6 And while they were there, the time came for her to give birth. 7 And she gave birth to her firstborn son and wrapped Him in swaddling cloths and laid Him in a manger, because there was no place for them in the inn.

8 And in the same region there were shepherds out in the field, keeping watch over their flock by night. 9 And an angel of the Lord appeared to them, and the glory of the Lord shone around them, and they were filled with fear.

10 And the angel said to them, "Fear not, for behold, I bring you good news of great joy that will be for all the people. 11 For unto you is born this day in the city of David a Savior, who is Christ the Lord. 12 And this will be a sign for you: you will find a baby wrapped in swaddling cloths and lying in a manger."

13 And suddenly there was with the angel a multitude of the heavenly host praising God and saying, 14 "Glory to God in the highest, and on earth peace among those with whom He is pleased!"

15 When the angels went away from them into heaven, the shepherds said to one another, "Let us go over to Bethlehem and see this thing that has happened, which the Lord has made known to us." 16 And they went with haste and found Mary and Joseph, and the baby lying in a manger.

17 And when they saw it, they made known the saying that had been told them concerning this child. 18 And all who heard it wondered at what the shepherds told them. 19 But Mary treasured up all these things, pondering them in her heart.

20 And the shepherds returned, glorifying and praising God for all they had heard and seen, as it had been told them.

(Read also: Matthew 1:18-24)



A Savior has been born to you; He is Christ the Lord. Luke 2:11

Isaiah 9:2-6

The people walking in darkness have seen a great light; on those living in the land of deep darkness a light has dawned. 3 You have enlarged the nation and increased their joy; they rejoice before you as people rejoice at the harvest, as warriors rejoice when dividing the plunder. 4 For as in the day of Midian's defeat, you have shattered the yoke that burdens them, the bar across their shoulders, the rod of their oppressor. 5 Every warrior's boot used in battle and every garment rolled in blood will be destined for burning, will be fuel for the fire. 6 For to us a child is born, to us a son is given, and the government will be on his shoulders. And he will be called Wonderful Counselor, Mighty God, Everlasting Father, Prince of Peace.

A Closer Look: *The Birth of Jesus*

1. Why did Joseph and Mary go to Bethlehem? *(To be registered for taxes)*
2. Why was Jesus born in a stable? *(Many came to be registered. There was no room in the inn)*
3. Who told the shepherds that Jesus was born? *(An angel)*
4. What was the first thing the angel said to them? *(Do not be afraid. I bring you good news)*
5. What was the angel's message? *(A Savior was born)* Who was to receive this good news? *(All people)*
6. How many angels sang to the shepherds? *(A multitude of the heavenly hosts)* What song did the angels sing? *(Glory to God in the Highest!)*
7. How did they react to the angels' message? *(They went "with haste" to Bethlehem. When they found the baby Jesus, they worshiped Him.)*
8. What did the shepherds do after they saw the baby Jesus? *(They went home praising God. They told others what they had seen.)*
9. What does it mean that Mary "treasured up all these things, pondering them in her heart"?
10. What would you say to someone about Jesus birth and the joy it makes you feel?

Muprofita Isaya 9:2-6

Vanhu vaifamba murima vakaona chiedza chikuru; vaigara munyika yemumvuri worufu, vakapenyerwa chiedza. 3 Makawanza rudzi, makawedzera mufaro wavo, vanofara pamberi penyu, sokufara kwavanhu panguva yokucheka, sokufara kwavanhu kana vachigoverana zvinhu zvakapambwa. 4 Nokuti makavhuna joko raivaremedza, netsvimbo yairova mafudzi avo, neshamhu yevaivamanikidza, sapamazuva avaMidiani. 5 Nokuti shangu imwe neimwe yomurwi, yakatsika nokutinhira, nenguwo yakanyikwa muropa, zvichapiswa, zvichava sehuni dzomoto. 6 Nokuti takazvarirwa Mwana, takapiwa Mwanakomana, vumambo vuchava pafudzi rake, zitz rake richanzi: Unoshamisa, Gota, Mwari unesimba, Baba vokusingaperi, Muchinda werugare.

Tichitarisisa – Kuzvarwa kwaJesu.

1. Shona: Nemhaka yei Josefa naMaria vakaenda kuBeterehema? (*Kunonyorwa mazita avo*)
2. Ko sei Jesu akazvarirwa mudanga rezvipfuwo? (*Pakanga pasina nzvimbo muimba yavaeni nokuti vanhu vazhinji vakanga vauya kuzonyorwa mazita avo*)
3. Ko vafudzi vakaudzwa nani kuti Jesu akanga aberekwa? (*Nemutumwa*)
4. Mutumwa akatii pakutanga? (*Musatya - Ndinokuunzirai mashoko omufaro*)
5. Mashoko omutumwa aiti kudini? (*Muponesi akanga aberekwa*) Ndiani aifanira kugashira mashoko awa omufaro? (*Vanhu vose*)
6. Vatumwa vangani vakaimbira vafudzi? (*Hondo huru yokudenga*) Nderupi rwiyo rwakaimbwa nevatumwa? (*Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro*)
7. Ko vafudzi vakaitei zvavakanzwa mashoko omutumwa? (*Vakakurumidza kusimuka vakaenda kuBeterehema. Vakati vaona Mwana Jesu, vakamunamata*)
8. Vafudzi vakaitei mushure mokuona Mwana Jesu? (*Vakaenda kumba vachirumbidza Mwari. Vakaudza vamwe pamusoro pezvavakanga vaona.*)
9. Ko zvinorevei kuti Maria 'akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo make'?
10. Ko iwe ungati kudini kunomumwe munhu pamusoro pekuzvarwa kwaJesu uye nomufaro waunonzwa?

Kuzvarwa kwaJesu

Ruka 2:1-20 - *Kuzvarwa kwaJesu*

Mumazuva iwayo Kesari Ogasito akapa chirevo chokuti vagari vose venyika dzose dzaitongwa neRoma vaverengwe. 3 Uye mumwe nomumwe akaenda kuguta rake kuti andonyoresa. 4 Saka Josefawo akakwira achibva kuguta reNazareta muGarirea achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavhidhi nokuti akanga ari weimba yaDhavhidhi noworudzi rwake. 5 Akaenda ikoko kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye uye akanga ava napamuviri. 6 Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa kwomwana yakasvika, 7 akazvara dangwe rake, mwanakomana. Akamuputira nemicheka akamuisa muchidiro chezvipfuwo, nokuti muimba yavaeni makanga musisina nzvimbo yavo.



8 Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. 9 Mutumwa waShe akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwaJehovha kwakavakomba, uye vakatya kwazvo. 10 Asi mutumwa akati kwavari, “Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose. 11 Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. 12 Ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa nemicheka uye avete muchidiro chezvipfuwo.”

13 Pakarepo hondo huru yokudenga yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti: 14 “Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro, uye rugare panyika nokuvanhu vaanofarira.”

15 Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga, vafudzi vakataurirana vachiti, “Handei kuBheterehema tindoona chinhu chaitika ichi, chataudzwa nezvacho naShe.” 16 Saka vakakurumidza kusimuka vakaenda vakandowana Maria naJosefa, nomwana, akanga avete muchidiro chezvipfuwo. 17 Vakati vamuona, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa pamusoro pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nezvavakataurirwa navafudzi. 19 Asi Maria akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo make. 20 Vafudzi vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu zvose zvavakanga vanzwa uye zvavakaona, zvakanga zvakangoita sezvavakanga vataurirwa.

(Verengawa Mateo 1:18-24)

**Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarirwa Muponesi;
ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11**